

Konsènan Tès COVID-19 la

لاطلاع على المستند باللغة العربية

查看中文版本

Gade nan Kreyòl Ayisyen

Ver en español

Exibir em português

Смотреть на русском языке

Si w genyen sentòm oswa ou te an kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19, tès la se yon mwayen enpòtan pou pwoteje fanmi w, zanmi w ak kominote w.

- [Kòman pou fè tès](#)
- [Kalte tès](#)
- [Pri](#)
- [Rezilta tès yo](#)
- [Plis enfòmasyon](#)

Kiyès ki dwe fè tès COVID-19?

Nou rekòmande w fè tès COVID-19 si ou :

- Genyen sentòm COVID-19 yo :
 - Tous
 - Fyèb
 - Pèt odora/gou
 - Doulè nan misk
 - Nen kap koule
 - Souf kout
 - Doulè nan gòj
- Te ankontak sere ak yon moun yo konfime ki gen COVID-19, sa vle di ou te nan yon distans sis pye (180 cm) ak li pandan 15 mn oswa plis ak yon moun :
 - pandan l te prezante sentòm yo oswa 48 èdtan avan sentòm li yo te kòmanse, oswa
 - 48 èdtan avan li te fès li oswa nenpòt ki lè nan 10 jou apre tès li a

Tanpri sonje si w ekspoze, ou kapab pa bezwen mete w an karantèn si w vaksinen konplètman. Kontakte otorite sante piblik lokal ou yo si w gen kesyon. Nou resevwa tout pasyan, menm sa ki pa gen asirans yo. Nou pa poze kesyon ou estati imigrasyon.

Pou fè tès pou rezon sante sa yo, kontakte biwo doktè Mass General Brigham ou an.

Kòman mwen kapab fè tès?

Mass General Brigham ofri tès COVID-19. Majorite lokal nou yo egzije yon randevou. Klinik doktè w la ap travay avèk ou pou jwenn kote ki pi apwopriye pou fè tès la.

Ou kapab tou jwenn kamyonèt kominote w yo ki ofri tès COVID-19 gratis nan jou ak lè ou chwazi. Tanpri [gade orè a](#) pou wè kilè n ap nan katye w la. Okenn randevou pa nesèsè.

Ak kisa tès la sanble?

Tès nou itilize a se tès PCR viral la. Li fèt nan fè prelevman nan nen w.

Konbyen tès la koute?

Se asirans ki kouvri laplipa tès COVID-19 yo, li pa koute w anyen anplis. Pami yo gen tès ki fèt pou rezon sante (tankou sentòm oswa ekspozisyon konfime) ak sa ki fakiltatif (tankou tès pou vwayaj oswa avan w vizite fanmi w).

Tanpri kontakte plan/ajans asirans sante w si w gen kesyon.

Genyen tou kèk sit tès kominotè gratis ki disponib nan **Massachusetts** ak **New Hampshire**. Ou kapab tou jwenn kamyonèt kominote w yo ki ofri tès COVID-19 gratis nan jou ak lè ou chwazi. Tanpri [gade orè a](#) pou wè kilè n ap nan katye w la.

Kilè m dwe espere jwenn rezilta tès mwen yo ?

Abityèltan, rezilta yo disponib nan 72 èdtan. Fason ki pi rapid pou wè rezilta yo se atravè pòtay **Mass General Brigham Patient Gateway** lan. Yon fwa analiz tès la fini, rezilta COVID-19 la disponib imedyatman nan Patient Gateway la.

Tanpri sonje : Yo rapòte rezilta tès pozitif yo bay Ministè Sante Piblik la. Ou kapab resevwa yon apèl Komisyon Sante lokal ou a oswa Ekip COVID Massachussets la.

Plis enfòmasyon

Pou aprann plis sou tès COVID-19 la, ou kapab vizite sit sa yo :

- [Massachusetts state website](#)
- [Sitwèb eta New Hampshire](#)

Mizajou nan dat 11 jen 2021

